



miamidade.gov

Elections
2700 NW 87th Avenue
Miami, Florida 33172
T 305-499-8683 F 305-499-8547
TTY: 305-499-8480

**PWOSEDI KONTE MIAMI-DADE POU
ÒGANIZASYON TYÈS PATI KI PA ANREJISTRE**
Apati me 2021

Chè sitwayen konsène:

Mèsi dèske ou kontakte biwo nou pou w mande Aplikasyon pou Enskripsyon Votè. Biwo nou ap kontan ba ou aplikasyon toutotan ou suiv pwosedi pou Òganizasyon Tyès Pati ki nan *F.S. 97.0575* ak *Règleman 1S-2.042*.

Si w ap chèche enskri pou vote oswa kolekte yon Aplikasyon Enskripsyon Votè nan men mari/madanm ou, pitit ou, oswa paran ou; oubyen si ou angaje nan enskri pou vote oswa kolekte Aplikasyon Enskripsyon Votè kòm yon anplwaye oswa ajan Divizyon Eleksyon (DOE), Sipèvizè Eleksyon, Depatman Sekirite Otowout ak Otomobil, oswa kòm yon ajans enskripsyon votè ofisyèl deziyen dapre Lwa Enskripsyon Nasyonal Votè oswa lwa eta (seksyon 97.021 & 97.058, Lwa Florid), ou **pa** bezwen anrejistre avèk Eta a kòm yon Òganizasyon Tyès Pati (3PVRO an abreje).

Sepandan, dapre *F.S. 97.0575* ak *Règleman 1S-2.042*, nenpòt moun, antite, oswa òganizasyon ki mande oswa kolekte kèlkeswa Aplikasyon Enskripsyon Votè, ki pa sa ki endike anwo a, **dwe** enskri avèk DOE kòm yon 3PVRO epi dwe **apwouve** anvan nou kapab ba li kèlkeswa Aplikasyon pou Enskripsyon Votè.

Anplis de sa, si ou se yon kandida, komite politik, oswa pati politik ki mande pou koleksyon oswa ki kolekte Aplikasyon Enskripsyon Votè nan men aplikan enskripsyon votè Florid, kandida a oswa antite a **dwe** enskri epi yo dwe **apwouve** kòm yon 3PVRO.

Si ou vle vin yon 3PVRO, ou dwe enskri avèk DOE lè ou soumèt Fòm DS-DE 119. Ou ka vizite sit entènèt Eta a nan <http://election.dos.state.fl.us> pou plis enfòmasyon ak jwenn Fòm DS-DE 119.

Yon fwa w anrejistre kòm yon 3PVRO, tanpri kontakte biwo nou pa telefòn nan 305-499-8363 oswa pa imel nan 3PVRO@miamidade.gov pou pi piti senk jou ouvab anvan dat evènman w lan. Sa ap ban nou ase tan pou nou genyen aplikasyon w yo ki tou enprime avèk nimewo idantifikasyon 3PVRO w lan. Tanpri idantifye nimewo idantite òganizasyon w lan, ansanm avèk kantite ak tip aplikasyon ki nesèsè yo (angle, panyòl, oswa kreyòl). Premye 9,999 aplikasyon yo va gratis. Nou va chaje yon santim pou chak aplikasyon ki vin apre 9,999.

Lè w plase kòmman pou Aplikasyon Enskripsyon Votè alavans lè sa possib, sa ba nou ase tan pou nou sèten ke aplikasyon pou òganizasyon w lan pare alè pou evènman w lan. Mèsi pou konsiderasyon ou, e mwen swete tout pi bon bagay yo pou ou nan aktivite ou yo ki gen anpil valè.

Sensèman,

Christina White

Christina White
Sipèvizè Eleksyon